



Pou Piblikasyon Imedya: 25/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ-LWA KI AVANSE PWOJÈ AIRTRAIN NAN LAGUARDIA

*Aksyon an Pèmèt Pou Yo Ka Konsidere Wout Kominote Lokal Yo Idantifye Nan Pwosesis Revizyon Anviwòmantal la*

*Pwojè a Pral Ofri Aksè Ray Vital Nan Kad Redevlopman Kontini Ki Koute 8 Milya Dola Nan Ayewopò LaGuardia*

*AirTrain lan a Pral Enkli Voyaj Fyab Soti ak Ale Nan Midtown Manhattan Nan Mwens Pase 30 Minit ak Konekte Voyajè yo Ak Tout Rezo LIRR ak 7-Tren*

*Yon Kat ak Reprezantasyon AirTrain lan a nan LaGuardia Disponib [Isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a yon pwojè lwa pou avanse pwosesis pou konstwi yon nouvo koneksyon AirTrain ale nan Ayewopò LaGuardia (LaGuardia Airport, LGA). Nouvo lwa a pral pèmèt pou yo konsidere plizyè aliyman potansyèl pandan yon revizyon anviwòmantal ki pral fèt sou pwojè yo pwopoze pou AirTrain LGA a, yo pwograme ant ayewopò a ak Estasyon Wout Tren Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) ak 7 tren souteren nan Mets-Willets Point nan Flushing, nan Queens.

Aksyon Gouvènè a make yon pa vital pou rann lyen sikilasyon an mass ant Midtown Manhattan ak LaGuardia yon reyalite, sa ki pral ede redwi konjesyon veyikil ak reta pou pasaje k ap vwayaje soti ak ale nan ayewopò a. AirTrain LGA ap chache pou li etabli yon mwayen transpò ki fyab ak fasil, ak vwayaj ki dire mwens pase 30 minit ant ayewopò a ak New York Penn Station oubyen Tèminal Grand Central. Li pral ofri tou aksè a tren apati tout kote nan Long Island atravè LIRR menm jan ak 7 liy metro souteren MTA a.

“Nouvo Ayewopò LaGuardia pral ofri yon eksperyans kliyan ki amelyore ak pi bon aksè a konpayi avyon ak transpò piblik pou tout pasaje yo - ki esansyèl pou transfòmasyon ayewopò a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “AirTrain LGA pral etabli yon ekzanp pou enfrastrikti transpò global pou rès peyi a, epi l ap rann benefis pandan deseni k ap vini yo lè li konekte vwayajè nan sant transpò atravè rejyon Metropolitèn lan, ogmante kwasans vwayajè pou tout konpayi avyon yo, ak ofri yon fason pi efikas pou vwayaje pou jenerasyon k ap vini yo.”

“N ap transfòme ayewopò nan New York atravè envestisman ki konsekan nan sans adisyon ak amelyorasyon pou ofri yon pi bon eksperyans ak sèvis ki ogmante”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Pwojè LaGuardia AirTrain lan pral ofri aksè fasil ak opsyon pou vwayaje bay moun nan Manhattan ak sou Long Island. Nou angaje nou pou rann ayewopò nou yo vini sant transpò apwopriye pou 21yèm syèk la.”

“Pandan twòp tan, Ayewopò LaGuardia te gen move repitasyon kote li se sèl gwo ayewopò nan Kot Lès (East Coast) ki pa gen yon lyen tren, epi sa inakseptab”, **Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a (Port Authority) Rick Cotton te deklare.** “Pou nou di li pi senp, yon ayewopò nan 21yèm syèk la dwe respekte estanda global, sa ekzije aksè ak transpò tren an mas. AirTrain lan pral konplèman redevlopman kontini ki koute 8 milya dola pou LGA ka vini yon ayewopò modèn ki apwopriye a New York.”

An kowodinasyon ak Administrasyon Federal Aviyasyon (Federal Aviation Administration, FAA), etap yo enkli seleksyon yon konsiltan pou prepare EIS ak sipèvize pwosesis pou revizyon anviwònmanal yo pwopoze a. Yo pwograme y ap kòmanse revizyon anviwònmanal la nan fen ane sa a epi y ap fini li nan fen 2019.

Yo atann pou konstriksyon kòmanse an 2020 epi tèmine an 2022.

Gouvènè Cuomo te felisite Manm Asanble Jeffrion Aubry ak Senatè Eta a Jose Peralta pou efò yo nan pase lwa pou konsidere wout altènatif ki ta pral diminye enpak potansyèl AirTrain LGA sou rezidan kominote yo, pandan l ap sipòte modènizasyon kontini Ayewopò LaGuardia a.

Lwa a espesifikman defini yon koridò anndan kote yo t ap kapab konstwi pwojè AirTrain LGA a epi li pèmèt, anndan koridò sa a, pou yo devlope aliyman altènatif ak konsidere li kòm pati yon pwosesis revizyon anviwònmanal ki laj, ak ezije patisipasyon piblik la. Yo te kreye koridò sa a an konsiltasyon ak manm kominote lokal yo ak reprezantan ki eli yo. Yo pap ka finalize pyès wout anvan revizyon anviwònmanal la fini reyalize, ki ap anba direksyon FAA. Anba lwa a, Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta a ta pral otorize pou yo akeri moso tè Vil la oubyen MTA deja posede anndan koridò yo etabli a. Pyès pwopriyete prive pap afekte.

Otorite Pòtyè a te deja reyalize plizyè reyinyon ak reprezantan lokal ki eli yo, gwoup nan kominote a ak lòt enterese vital pou chache kòmantè sou kesyon wout potansyèl AirTrain anvan pwosesis fòmèl revizyon anviwònmanal la. Ajans lan pral kontinye aktivman chache opinyon adisyonèl.

Otorite Pòtyè nan New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey), ki opere Ayewopò LaGuardia, ap travay nan fason kowoperatif ak Otorite Transpò Metropolitan (Metropolitan Transportation Authority, MTA) pou konstwi yon konplèks estasyon nan Mets-Willets Point, ak opsyon transfè fasil ant LIRR oubyen 7 liy ak nouvo AirTrain lan, ki pral kouri apeprè chak 4 minit. Total tan yo estime ant Midtown Manhattan ak ayewopò a ki mwens pase 30 minit enkli yon vwayaj 16 minit sou LIRR ant Moynihan/Penn Station oubyen Grand Central ak Willets Point, ki swivi ak yon vwayaj apeprè 6 minit soti nan Estasyon Willets Point pou ale nan LaGuardia.

Aksyon jodia kontinye ak elan konsekan Gouvènè Cuomo a te anonse diran 18 mwa ki sòt pase yo nan sans pou yo konstwi AirTrain LGA. Aksyon sa yo enkli chwa Parsons Brinckerhoff pou mennen pwosesis preliminè jeni ak konsepsyon pou jiska de (2) nouvo estasyon AirTrain nan nouvo tèminal inifye nan Ayewopò LaGuardia, ansanm ak konstriksyon yon estasyon AirTrain nan Mets-Willets Point ak konstriksyon yon sistèm wout gid elve.

Anons lan siplemante tou pwogrè pou kreye yon nouvo Ayewopò LaGuardia modèn ki koute 8 milya dola atravè patenarya piblik-prive pou bati nouvo Tèminal B ak C, yo te kòmanse yo an 2016 ak 2017 respektivman. Yo te ouvri yon nouvo garaj Tèminal B nan kòmansman ane sa a epi premye nouvo antre ak pòtay yo nan Tèminal B pral kòmanse operasyon pi ta nan ane sa a.

Nouvo Tèminal B, se konsòsyòm LaGuardia Gateways Partners ki ap devlope li, yo atann pou yo ouvri zòn prensipal la (tèt kay) nan 2020, pandan Delta ap antisipe ouvèti nouvo Tèminal C li an - (ki ranplase Tèminal C ak D ayewopò ki ekziste deja) an 2021.

**Manm Kongrè Joe Crowley, Prezidan Chanm Kokis Demokrat la (House Democratic Caucus), te deklare,** “Jodi a make yon etap enpòtan nan efò nou pou nou rekonstwi ak modènize enfrastrikti atravè New York. AirTrain pral finalman rann LaGuardia aksesib sou tren, pou konekte pi byen voyajè yo ak ayewopò a ak ede diminye anbouteyaj. Moun New York merite yon ayewopò premye klas pou yo ka fyè de li, epi m ap remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman li pou transfòme LaGuardia pou li vini yon etablisman 21yèm syèk”.

**Prezidan Awondisman Queens la, Melinda Katz te deklare,** “Pou pwojè AirTrain LGA a, se pa yon kesyon de si, men yon kesyon de ki kote, sa ki pral lajman detèmine atravè kominote lokal la, nan kad pwosesis revizyon anviwònmantal la. AirTrain LGA se yon eleman enpòtan nan renovasyon masif nan enfrastrikti ki an pwosesis pou transfòme Ayewopò LaGuardia pou li vini yon ayewopò 21yèm syèk, modèn ak fyab. Queens ap remèsye lidèchip Gouvènè Cuomo nan asire pwojè a sèvi bezwen ayewopò an pandan li an menm tan travay an patenarya atravè revizyon anviwònmantal la pou idantifye ak adrese kesyon kominote avwazinant ki afekte a”.

**Direktè NYU Rudin Center for Transportation Mitchell Moss te deklare,** “Gouvènè Cuomo reyalize sa ki enposib la: li ap konekte Ayewopò LaGuardia, ki sèvi 30 milyon pasaje pa ane, a sant transpò prensipal rejyon yo, konsa vwayajè avyon ka rive nan vòl yo san yo pa andire reta sou wout nasyonal ak aks wout ki ankonbre. LaGuardia se youn nan pi gwo richès rejyon an, epi ak AirTrain lan, rive pran vòl ou an pa pral ekivalan yon eprèv efò kadyak”.

**Prezidan AFL-CIO Eta New York, Mario Cilento, te di,** “Pwojè rekonstriksyon LaGuardia ap ofri plizyè santèn fanm ak gason ki ap travay bon djòb sendika. Se yon lòt ekzanp vrè lidèchip Gouvènè Cuomo pandan l ap delivre nan kesyon angajman li pou li devlope klas mwayèn lan pandan l ap pote tou plan transpò avanse nan Empire State la”.

**Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon ak Batiman Rejyon Metwopolitèn New York (Building and Construction Trades Council of Greater**

**New York), te deklare,** “Pa gen pi bon testaman pou montre angajman Gouvènè a pou rekonstwi enfrastrikti nou yo pase pwojè pou bati yon nouvo LaGuardia. Yo te pale sou sa pandan anpil ane epi kounye a nou pral ekzekite li. Soti nan bèl nouvo tèmininal yo ale nan nouvo LaGuardia AirTrain ki ap konekte moun New York a ayewopò a, nou ap finalman konstwi yon ayewopò ki alawotè gwo eta sa a. Mwen aplodi Gouvènè a paske li alatèt efò sa a epi rann yon rèv vini reyalitye”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)